# Аймақлық ишки жоллар жәмийетшилик пикири тийкарында оңланады

Image not found or type unknown

«Ашық бюджет» мәлимлеме порталы арқалы жәмийетшилик пикири тийкарында қәлиплескен илажларды қаржыландырыўды және де кеңейтиў ис-илажлары ҳаққында»ғы Президент қарары (ПҚ–5250-санлы, 22.09.2021 ж.) қабыл етилди.

Қарарға бола, 2021-жыл 1-октябрге шекем:

Пуқаралар басламасы фондында 1 млрд сўмнан кем қаржы қәлиплескен район ҳәм қалалар ушын қосымша 57,9 млрд сўм;

“Ашық бюджет” мәлимлеме порталы арқалы келип түскен усынислар саны 100 ден артық болған район ҳәм қалаларға қосымша 59,5 млрд сўм қаржы ажыратылады.

2022-жыл 1-январдан район ҳәм қалалар бюджетлери параметрлеринде аймақлық ишки жолларды оңлаў ушын ажыратылатуғын қаржылардың 50 проценти «Ашық бюджет» мәлимлеме порталы арқалы жәмийетшилик пикири тийкарында анықланған ишки жоллларды  оңлаўға бағдарланады.

Районлар ҳәм қалалар ҳәкимликлери тәрепинен ҳәр шеректе шеректен кейинги айдың 25-сәнесине шекем жәмийетшилик пикири тийкарында қәлиплестирилген илажларды қаржыландырыў бойынша мағлыўматлар рәсмий веб-сайт ҳәм «Ашық бюджет» мәлимлеме порталына жайластырылып барылады.

**Қаракалпақстан Республикасы автомобиль жоллары аймақлық бас басқармасы мәлимлеме хызмети**